

PARTI POLITIQUE INISYATIV POU DEVOLE AYITI

Autoroute de Delmas. Delmas 50,
Garden plaza, apt 8b.

+509 4298 5959 | +509 3756 6710
partipolitiqueida@gmail.com



KÒDINASYON DEPATMANTAL NÒ IDA

Deklarasyon ofisyèl sou dram Sitadèl la

Kòdinasyon Depatmantal Nò « Inisyativ pou Devlope Ayiti (IDA) » pataje gwo lapenn sa a ak tout fanmi ki frape pa trajedi ki rive nan Sitadèl la samdi 11 avril 2026 la.

Nan moman doulè sa a,, se pa sèlman fanmi yo k ap kriye, men se tout peyi a ki frape nan kè. Chak lavi ki ale se pa sèlman yon chif, men se yon rèv ki etenn, yon fanmi ki kraze, yon espwa ki pa janm rive bout li. Nou prezante senpati nou bay tout fanmi ki nan chagren, pandan n ap pataje doulè yo, nou tande kri yo.

Sepandan, doulè sa a vin pi lou lè nou konnen li pote mak neglijan. IDA kritike otorite konsène yo ki pa janm pran okenn dispozisyon serye pou planifye ak òganize aktivite sa yo chak ane, malgre se gwo evènman tradisyonèl ki rasanble anpil moun. Chak ane se menm risk yo, menm feblès yo, men toujou pa gen mezi klè pou pwoteje lavi moun.

Nou mande pou leta menen bon jan anket pou n konnen Koman jèn fanm ak jenn gason sa yo rive pèdi lavi yo epi mande bon jan sipò pou fanmiy sa yo, nou mande pou gen responsablite, previzyon, ak bonjan mezi sekirite klè pou evite trajedi konsa nan lavni. Lavi moun dwe toujou rete pi gwo priyorite nan tout desizyon piblik.

Trajedi sa a dwe sèvi kòm yon gwo leson pou nasyon an. Li dwe leve konsyans nou tout, fòse nou reflechi, epi pouse nou aji. Nou pa ka kontinye ap konte viktim san chanjman reyèl. Nan moman sa a, plis pase tout tan, solidarite dwe gide nou. Se nan kole zepòl, nan sipò youn lòt, nou ka pote yon ti limyè nan mitan fènwa sa a.

Nan non Kòdinasyon Depatmantal Nò IDA, nou rete kanpe fèm bò kote tout fanmi viktim yo nan moman doulè sa a. Nou pataje kri yo, nou pote lapenn yo, e nou angaje nou pou pa janm kite trajedi sa a tonbe nan bliye.

IDA, se nou tout ansanm.

Mike-Colinio JEAN,

Kòdonatè Depatmantal Nò IDA

